

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina bab métode panalungtikan dipedar ngeunaan, (1) désain panalungtikan, (2) data jeung sumber data panalungtikan, (3) téhnik ngumpulkeun data, (4) instrumén panalungtikan, jeung (5) téhnik ngolah data.


3.1 Désain Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode déskriptif, nyaéta métode anu fungsina pikeun ngungkulan jeung ngaréngsekeun pasualan-pasualan aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data (Arikunto, 2006, kc. 160). Tujuanna pikeun ngadéskripsikeun paguneman-paguneman tokoh nu kaasup implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna. Éta data implikatur paguneman téh dianalisis dumasar kana wanda implikatur paguneman, wujud implikatur paguneman, sarta fungsi implikatur pagunemanana.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif sabab medar pasualan-pasualan basa dina kahirupan sosial nu patali jeung ma'na basa dina omongan. Pamarekan kualitatif nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 9) nyaéta métode panalungtikan anu digunakeun pikeun nalungtik sacara alamiah pikeun meunang data anu condong kana analisis.

Dina désain panalungtikan, mangrupa léngkah awal panalungtik néangan jeung nyusun masalah dumasar pasualan anu bakal ditalungtik, sanggeus nangtukeun masalah tahapan kadua nyaéta ngumpulkeun data tina objék anu ditalungtik kalayan ngagunakeun instrumén panalungtikan nyaéta kartu data, tahapan katilu nyaéta data anu geus dikumpulkeun, diolah ku cara analisis unsur langsung sarta masing-masing data implikatur paguneman didéskripsikeun sacara jéntré dumasar wanda, wujud jeung fungsi implikatur pagunemanna, tahap pamungkas nyaéta nyieun kacindekan tina hasil analisis panalungtikan.

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan kagambar dina Désain Panalungtikan dina bagan di handap nyaéta



Bagan 3.1 *Désain Panalungtikan*

(Nazir, 2014, kc. 70)

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data tina ieu panalungtikan nyaéta sageblengna eusi carita dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna, utamana anu némbongkeun implikatur paguneman.

Anu jadi sumber datana mangrupa kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna (1955). Éta kumpulan carpon téh diterbitkeun ku Geger Sunten taun 1955, citakan kahiji. Iéu kumpulan carpon téh ukuran bukuna 21 x 14,9 cm, kandelna 67 kaca, ngawengku 5 judul carpon saperti diwincik ieu di handap.

- a. “Suluk Mahasukma”
- b. “Serat Sarwasatwa”
- c. “Serat Smaradahana”
- d. “Apanjang-Apunjung”
- e. “Serat Kala Mesat”.

3.3. Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji léngkah nu paling penting dina hiji panalungtikan. Téknik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik studi pustaka pikeun nganalisis implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna.

Nurutkeun Zuldafrial (2012, kc. 39) téknik studi pustaka nyaéta téknik ngumpulkeun data ku cara ngumpulkeun data nu diperlukeun ngaliwatan dokumén-dokumén penting. Léngkah-léngkahna saperti di handap :

- a. milih obyék panalungtikan nyaéta kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna.
- b. maca obyék panalungtikan carpon-carpon nu aya dina éta kumpulan carpon.
- c. nyirian omongan nu ngandung implikatur paguneman dina kumpulan carpon.
- d. nyalin éta data kana kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa salah sahiji komponén penting dina panalungtikan pikeun ngumpulkeun data anu diperlukeun. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 192) instrumén panalungtikan mangrupa alat panalungtik pikeun ngumpulkeun hiji data. Ieu

panalungtikan boga tujuan pikeun mikanyaho data paguneman nu mibanda implikatur dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna. Ku kituna, instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa implikatur paguneman dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna. Sangkan leuwih jéntré, ieu digambarkeun conto kartu data nu dipaké:

No Data : 01	Kode Data : (SS/C-SM/7/P2)							
“Aya naon, Kang Narada?” “Pandawa rék ngutus Kresna nagih nagara Astina!”								
Wanda Implikatur	<div style="display: flex; justify-content: space-around; align-items: center;"> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px 10px;">IPU</div> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px 10px;">IPH</div> </div>							
Wujud Implikatur	<div style="display: flex; justify-content: space-around; align-items: center;"> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px 10px;">W</div> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px 10px;">PAN</div> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px 10px;">PAR</div> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px 10px;">PANY</div> </div>							
Fungsi Implikatur	<table border="1" style="width: 100%; text-align: center; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="padding: 5px;">IP N</td> <td style="padding: 5px;">IP N B</td> <td style="padding: 5px;">IPL</td> <td style="padding: 5px;">IP R K</td> <td style="padding: 5px;">IP N K</td> <td style="padding: 5px;">IP D R</td> <td style="padding: 5px;">IPP</td> </tr> </table> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px 10px; margin-top: 5px; width: fit-content; margin-left: auto; margin-right: auto;">IPNY</div>	IP N	IP N B	IPL	IP R K	IP N K	IP D R	IPP
IP N	IP N B	IPL	IP R K	IP N K	IP D R	IPP		

Bagan 3.2 Kartu Data (Jayusman, 2008, kc. 68)

Keterangan:

SS: Serat Sarwasatwa

C: Carpon

SM: Suluk Mahasukma

P: Paragraf

IPU: Implikatur paguneman umum

IPH: Implikatur paguneman husus

W: Wawaran

PAN: Pananya

PAR: Paréntah

PANY: Panyeluk

IPN: Implikatur paguneman nitah

IPNB: Implikatur paguneman ngantebkeun

IPL: Implikatur paguneman ngalaporkeun

Ajeng Lestari, 2023

IMPLIKATUR PAGUNEMAN DINA KUMPULAN CARPON SERAT SARWASATWA KARANGAN GODI SUWARNA (Ulukan Pragmatik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

IPRK: Implikatur paguneman nyarék

IPNK: Implikatur paguneman nolak

IPDR: Implikatur paguneman nyindir

IPP: Implikatur paguneman paménta

IPNY: Implikatur paguneman nyapukan

Kartu data nu kodena (SS/C-SM/7/P2) dibaca minangka data tina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna nu kapaluruh dina kaca 7 paragraf ka-2. Katerangan tina kode data: (1) kode SS nuduhkeun *Serat Sarwasatwa* minangka judul buku; (2) kode C nuduhkeun carpon minangka sumber datana; (3) kode SM nuduhkeun judul carpon; (4) nomer 7 nuduhkeun posisi kaca paragraf; jeung (5) kode P1 nuduhkeun posisi paragraf implikatur paguneman. Kode IPU/IPH mangrupa singgetan tina wanda implikatur paguneman. Ari W/PAN/PAR/PANY mangrupa singgetan tina analisis wujud implikatur paguneman. Satuluyna, IPN/IPNB/IPL/IPRK/IPNK/IPDR/IPP/IPNY mangrupa singgetan tina analisis fungsi implikatur paguneman. Dumasar kana data di luhur, tuluy dijieun format analisis saperti dina tabél.

Tabél 3.1 *Data Wanda Implikatur Paguneman*

No	Data	Wanda Implikatur Paguneman	
		IPU	IPH
1	Resi Bisma : “Ulah lila teuing sakaratna!” Yama : “Geus kitu kuduna Bisma!”	✓	

Tabél 3.2 *Data Wujud Implikatur Paguneman*

No	Data	Wujud Implikatur Paguneman			
		W	PAN	PAR	PANY
1	Bima : “Sia nu maéhan anak aing?” Prabakesah : “Daék medu! Maenya kula tega ka Si Kaséééép!”		✓		

Tabél 3.3 *Data Fungsi Implikatur Paguneman*

No	Data	Analisis
1	Bima : “ <i>Émbarkeun!</i> ” Yudistira : “ <i>Mangga!</i> ”	Nitah (IPN) Éfék : Bima miharep sangkan Yudistira ngabéwarakeun ka musuh yén rék aya perang.

3.5 Téknik Ngolah Data

Nurutkeun Nazir (2014, kc. 315) anu dimaksud téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, ngamanipulasi, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibacana. Dina ieu panalungtikan, téhnik ngolah data nu digunakeun nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Téhnik analisis unsur langsung dipaké lantaran sumber datana dina wangun tulisan, udaganana pikeun nganalisis wanda, wujud sarta fungsi implikatur paguneman. Data baris diolah ngaliwatan sababaraha léngkah ieu di handap:

- a. niténan deui implikatur paguneman nu geus dikumpulkeun;
- b. nyieun papasingan data implikatur paguneman dumasar wanda, wujud, jeung fungsi;
- c. nganalisis data implikatur paguneman dumasar wanda, wujud, jeung fungsi;
- d. ngadéskripsikeun implikatur paguneman dumasar wanda, wujud, jeung fungsi;
- e. nyieun tafsiran jeung kacindekan tina hasil ngolah data.